

Fowòm Sitwayen pou Refòm Jistis Penal la



COMITE COORDONATEUR DU FORUM CITOYEN POUR LA REFORME DE LA JUSTICE



EMERGENCE DES ACTEURS

Ankèt yo pa janm abouti

Dokiman diskisyon sizyèm Fowòm nan



Novanm 2004



Rankont katriyèm Fowòm jidisyè la te fèt jou ki 26 septanm 2003, patisipan yo te konstate « **Ankèt yo pa janm abouti** ». dapre patisipan yo se youn nan pwoblèm kle Fowòm sitwayen an ta dwe chita sou li.

Ti dokiman sila a rafrechi memwa n sou divès fondman yon ankèt efikas e ki respekte diyite moun. Ti dokiman sila a pwopoze n yon seri endikatè ki kab pèmèt nou fè analiz sou sityasyon otorite ki plase pou fè ankèt yo, mwayen yo met aladispozisyon yo epi fè pwopozisyon pou ankèt la kab vin efikas epi respekte diyite moun.



Rapèl divès fondman yon ankèt efikas e ki respekte diyite moun

Twazyèm pati nan Manman Lwa peyi a pale sou kisa yon sitwayen ye, ki dwa li genyen, ak kisa li dwe fè. Li tabli yon kantite prensip ak règleman sou dwa chak moun genyen pou l viv lib. Lajistis ak lapolis oblije respekte prensip ak règleman sila yo nan kad pwosè penal la.

Pwosè penal la gen pwòp mak fabrik li. Yon bò, se sèlman Leta ki gen dwa fè anket ak pouswiv yon moun ki komèt yon fèt epi jije l kòm sadwa. Yon lòt bò, anket la kab yon sous vyolasyon dwa moun ki nan pwosè a. Se sa ki fè li nesèsè pou gen prensip ki pwoteje dwa moun sila yo sa vle di viktim nan ak akize a.

Gen de [2] rezon ki montre ki lè yon ankèt efikas, nan yon sistèm demokratik :

Premyèmman, se lè ankèt la pèmèt ranmase tout enfòmasyon ki nesèsè sou enfraksyon an ak moun ki ta komèt li a, tout sa nan delè lalwa prevwa. Kidonk, ankèt la dwe pèmèt Ministè piblik la wè si gen nesèsite pou pouswiv oubyen pa pouswiv otè enfraksyon an. Nan jijman an, ankèt la dwe pèmèt, nan yon deba oral epi ki kontradiktwa, egzaminen si akize a koupab epi prevwa dedomajman pou viktim nan.

Dezyèmman, ankèt efikas vle di tou yon anket ki respekte dwa akize a ak dwa viktim nan. Otorite kab mennen anket la dwe respekte dwa ak diyite tout moun. Sispek la ak moun ki viktim nan gen dwa nan anket la epi tou gen dwa patisipe nan ankèt la. Manman Lwa peyi a rekonèt dwa sila yo. Moun yap fè ankèt sou li a gen dwa ak yon avoka, li gen dwa kònen sa kab pase nan ankèt la et li gen dwa fè ankèt pa li, tout sa nan respè libète li ak diyite li. Menm jan an tou moun ki viktim la, dwe gen avoka pa li, li gen dwa patisipe epi swiv tout sa kab fèt nan kad anket la. Kidonk, ankèt la efikas, lè gen bon jan patisipasyon ak kontwòl yon jij ki pa t nan fè ankèt la.

Katriyèm Fowòm nan te idantifye pwoblèm sila a : « **Ankèt yo pa janm abouti** » kòm youn nan pwoblèm kle jistis penal la. Sa vle di li pa rive chèche enfraksyon ak enfòmasyon ak prèv ki kab pèmèt yo pouswiv akize a, voye l devan tribunal kòm sadwa epi dedomaje viktim nan. Depi lane 1994 rive jodi a, prèke 80% moun ki nan prizon poko janm jije. Nan ka sa a, otorite leta ki la pou bay jistis pa respekte ni dwa viktim nan ni dwa akize a.

Objektif ti dokiman sila a, se chèche konnen pouki rezon **Ankèt yo pa janm abouti** epi l ap chèche pouse diskisyon ak analiz ki te fèt nan katriyèm Fowòm nan pou l wè ki relasyon ki genyen ant jan ankèt la fèt ak mak fabrik leta nou an, ki abitè, ki chita sou gwo ponyèt. Ti dokiman an prezante n 5 endikatè ki ta pèmèt nou mezire nan ki nivo **Ankèt yo pa janm abouti** epi pwopoze n yon lòt sistèm ankèt ki efikas ki garanti dwa moun ki nan pwosè a, viktim tankou akize.

Komite Kòdonatè Fowòm nan pwopoze n senk [5] endikatè sila yo pou n mezire nan ki nivo ankèt yo pa janm about. :

Endikatè nimewo 1: Jwenn epi sèvi ak mwayen teknik pou mennen ankèt la

Endikatè nimewo 2: Endepandans otorite ki ap mennen ankèt yo

Endikatè nimewo 3: Separe otorite k ap fè ankèt la ak otorite k ap jije a

Endikatè nimewo 4: Respè dwa moun ki nan pwosè a

Endikatè nimewo 5: Reskonsabilité otorite k ap mennen ankèt la



Endikatè nimewo 1

Jwenn epi sèvi ak mwayen teknik pou mennen ankèt la

Prinsip yo

Misyon Polis syantifik ak teknik nan polis jidisyè la se chèche enfraksyon ak otè sila yo. Kidonk, wòl li pa menm ak polis administratif la. Wòl li, se fè ankèt lè gen yon enfraksyon. Nan kad sa sa, ak bon jan mwayen teknik ak syantifik ki a disposisyon li, li dwe jwenn ki lè ki gen enfraksyon epi tou jwenn endis ki kab pèmèt yo jwenn sispek la.

Fondman règ jwèt la

Manman Lwa peyi a deklare nan atik 273: « *Lapolis la pou li ede lajistis jwenn moun ki an kontravansyon, moun ki fè fòt, moun ki fè krim. Se lapolis ki gen dwa arete moun sa yo* ».

Kòd Enstriksyon Kriminèl la deklare tou nan atik 9 la : « *Ministè piblik la, jij enstriksyon an, jij depè a, manm polis riral, manm polis nan vil, manm polis sosyal nan Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch kapab jwe wòl polis* ». Anndan regleman Polis Jidisyè la, atik 18 la deklare: « *Brigad teknik ak syantifik la, dwe chèche mwayen teknik ak syantifik pou ranpli fich yo, mennen ankèt yo lè gen krim ak fòt espesyal ki komèt* ».

Analiz

Si n sonje diskou direktè Biwo Polis Syantifik la te fè nan lane 2001 nan Lekòl Jij ak moun k ap sèvi nan tribinal yo, li te deklare, gen twa [3] gwo seksyon nan polis jidisyè a: Gen de [2] nan yo k ap mache nan moman n ap viv la, seksyon idantite a, Dokiman ak kontrefason (fo dokiman ak fo papyè paegzanp), epi seksyon enstiti medikolegal la ki poko egziste.

An reyalite mwayen yo prevwa pou mete aladispozisyon polis jidisyè a poko janm egziste toutbonvre. Yo rete pawòl anlè oswa pawòl sou papyè. Polis yo rele syantifik la egziste sèlman Pòtoprens men li poko ap fonksyone kòm sadwa. Li pa gen mwayen nan men l pou l fè travay li. Polis teknik ak syantifik la pa egziste nan rès peyi a. Enstans ki la nan polis jidisyè a pou fè ankèt pa gen fòmasyon teknik ak mwayen syantifik pou mennen ankèt la.

Pandan nap raple seksyon medikolegal polis jidisyè a pap fonksyone, yon otopsi kab koute 10,000 goud si gen moun konpetan pou fè l. Dapre Unité Rechèch Aksyon Medikolegal, URAMEL, se sèlman 4 a 5 medsen lejis ki genyen nan peyi a nan moman n ap viv la. Pa gen yon bon kad legal ki pèmèt yo fè yon ekspètiz nan kad ankèt kriminèl, sa montre tou pa gen yon polis syantifik. Mwayen sila yo enpòtan, se yo menm ki makfabrik yon polis syantifik ak modèn, kidonk ki efikas epi ki respekte diyite moun.

Men, mak fabrik Kòd enstriksyon Kriminèl la, fè otorite kab fè anket yo plis ap cheche ak plis chita sou temwanyaj ki konte kòm pi gwo prèv. Yo di, lè yon moun deklare se limenm ki fè fòt la, sa se pi gwo prèv lajistis kab genyen. Tandans ak pratik sila yo sèvi kòm yon baryè pou teknik syantifik ta blayi nan polis jidisyè a epi lakòz vyolasyon dwa moun ki nan pwosè a, viktim, temwen tankou akise a, nan fòse ak fè vyolans sou yo, pou yo pale.

Kesyon

Eske otorite ki reskonsab pou fè ankèt gen mwayen teknik pou sa ?



Endikatè nimewo 2

Endepandans otorite k ap mennen ankèt yo

Prensip yo

Prensip otonomi ak endepandans otorite kab mennen anket yo chita nan separasyon wòl ak otorite ki we fè ankèt ak otorite polis administratif la. Prensip gen de objektik. Premyèman, li la pou pwotege otorite polis jidisyè a kont tout presyon, anndan kou deyò, li ta ka sibi nan aktivite anket la. Dezièmman, prensip sila se yon garanti pou respè ak pwotezsyon dwa ak libète tout moun ki nan pwosè a, viktim tankou akise .Lè ankèt la fèt epi li respekte règ jwèt ki tabli yo, otonomi ak endepandans lapolis vi n garanti pou pati yo nan pwosè a.

Wòl prensip sila a, se òganize polis jidisyè a yon manyè pou l kab fè sa lalwa mande l fè a. Kidonk, fè ankèt yo san fòs kote.

Sitiyasyon règ jwèt la

Atik 196 Kòd enstrisyon Kriminèl la deklare : « Tout ofisye polis, esepite Jij enstriksyon an anba zòd Komisè gouvènman an ».

Atik 30 nan lwa ki kreye polis jidisyè la deklare : « Direksyon lapolis se oksilyè otorite lajistis tankou komisè gouvènman an ak komisè annapre yo nan tribinal premye jijman yo, jij depè yo ak jij enstriksyon yo ».

Analiz

Otorite ki ap mennen ankèt yo pa endepandan. Anpil fwa yo anba gwo presyon epi yo tout tan anba zòd lè y ap mennen ankèt yo. Temwanyaj yo nan sans sa soti tribòpabò epi yo anpil.

Li difisil nan moman n ap viv la pou n di konbyen otorité polis nasional, jij depè, Komisè ak jij enstriksyon ki nan mawon lòt bò dlo poutèt ankèt yo tap mennen nan divès dosye sansib. Otorite nan pouvwa egzekitif la, nan palman an, delege ak KASEK, konn fè presyon sou polis jidisyè ki reskonsab mennen ankèt.

Pwoblèm sa yo sanble gen relasyon direk ak estati otorite sila yo. Anpil fwa, otorite polis jidisyè melanje ak polis administratif, relasyon yo ak komisè oswa jisj enstriksyon an pa klè. Jij depè yo pa gen estabilite nan fonksyon yo, yo koube anba zòb otorite ki fè nominasyon yo tankou Minis Jistis la. Ajan ak ofisye polis jidisyè la ki gen chapo polis jidisyè pa anba zòd otorite lajistis yo. Komisè Gouvènman an ki trouve l ant Pouvwa Egzekitif la ak Pouvwa Jidisyè a pa gen okenn garanti kom jij yo. Yo pa rekonèt li tou kòm yon fonksyonè nan administrasyon piblik la. Kidonk, li pa gen garanti sila yo. Jij enstriksyon yo gen yon manda twa [3] zan, yo pa gen ankenn garanti pou manda yo renouvle. Yo depann konplètman de egzekitif la. Tout otorite sila yo depan de egzekitif la pou jwenn mwayen pou yo fè travay yo. Yo pa gen okenn endepandans.

Kesyon

- 1) Eske otorite ki ap mennen anket yo endepandan?
- 2) Kouman otorite ki ap mennen ankèt yo kab endepandan ?



Endikatè nimewo 3

Separe otorite kap fè ankèt la ak otorite k ap jije a

Prensip yo

Otorite kap pouswiv yo dwe separe ak otorite kap jije yo. Prensip sila a, yon bò, se pou evite abitè ak vyolasyon dwa tout moun ki nan prosè a, yon lòt bò fòk gen mekanis ki met anplas pou kontrol, proteksyon ak patisipasyon pou garanti dwa tout moun ki nan prosè a, tankou akiz e a ak viktim nan.

Sityasyon reg jwèt la

Atik 1 Kòd Enstriksyon Kriminel la deklare : *Se sèlman moun lalwa bay pouvwa pou sa ki kab bay yon moun sanksyon li merite. Atik 13 la menm deklare: "Misyon komisè gouvènman yo, se chèche epi pouswiv tout moun ki komèt fot ak krim ki gen avè ak Tribinal premye jijman yo.*

Nan dat 23 dawou 1969, Tribinal denye jijman Ayiti a te pran yon desizyon pou li di: *Chak otorite gen limit pa li nan ekzèsis fonksyon li, se sakfè moun kab fè lwa yo te mete limit ak separasyon ant pouvwa doyen an, pouvwa ministè piblik la ak jij enstriksyon an.*

Kidonk, Kòd Denstriksyon Kriminel la defini fonksyon ki resève a chak otorite kab mennen ankèt la : *Chapit 2 kòd sila a pale sou wòl ajan polis riral ak polis nan vil, chapit 3 a pale sou wòl jij depè, chapit sou wòl komisè annapre ak komiè gouvènman, chapit 4 la menm pale sou wòl jij enstriksyon yo.*

Analiz

Jij enstriksyon an, komisè gouvènman an, jij de pè an, ajan ak ofisye polis nasyonal yo, tout otorite ki fòme polis jidisyè a, se yo menm ki responsab fè ankèt ak pran desizyon pou met moun nan prizon, elatrye.

Verite sa a jwenn fondman li nan Kòd Enstriksyon Kriminel la, kote se yon sèl otorite ki responsab pou fè ankèt la, yo rele li polis jidisyè. Se jij enstriksyon an ak Komisè gouvènman an ki pi gwo otorite nan sa ki gen a wè ak polis jidisyè a. Sityasyon sila a fè pa kab gen bon kontwòl administratif oswa bon jan kontwòl jij yo sou otorite kila pouf è ankèt la. Ki donk otorite ki pou fè ankèt la seli kab kontrole aktivite ankèt la ak vyolasyon ki ka rive ladann. Kofizyon an total, pouvwa yo pa separe tout bon.

Konfisyon ki gen nan wòl ak pouvwa anndan polis jidisyè a vyole prensip ki mande pou pouvwa ak fonksyon yo separe. Sityasyon sila a, se youn nan pi gwo sous vyolasyon dwa ak libete moun ki nan pwosè a.

Men fòk nou di tou konfisyon ki gen nan fonksyon ak wòl otorite kab fè ankèt yo se risilta konsentrasyon pouvwa, nan Kòd Enstriksyon Kriminel la, ki pèmèt otorite yo vin genyen yon moyen pou fè ak realize anket nan poze keksyon ak chache temwonaj ak kapasite pou pouse moun ki fè zak yo avwe sila yo.

Kesyon

- 1) Eske ou panse li nòmal pou jij enstriksyon an pran mezi kont akize a san akize a pa gen kote pou l pote plent ? Eksplike ?
- 2) Poutèt jij depè a gen de [2] chapo, jij epi ofisye polis jidisyè ki anba zòd komisè gouvènman an, eske ou panse li kab pwoteje dwa moun ki nan pwosè a ?



Endikate nimewo 4

Respekte dwa moun ki nan pwòsè a

Prensip yo

Se dwa chak moun ki parèt devan lajistis, pou yo tandè kòz li menm jan ak pa tout lòt moun. Kòz chak moun fèt pou jije klè, san paspouki, devan yon tribinal ki pa nan patipri.

Tout moun dwe viv nan respè ak nan diyite. Si yo ta arete yon moun fèmèn li nan prizon, yo dwe trete li tankou moun. Pèsonn pa fèt pou fouye nan lavi prive okenn lòt moun, nan zafè fanmi li, ni nan sa k ap pase anndan lakay li. Pèsonn pa gen dwa fouye nan lèt yon lòt moun ekri oswa lèt li resevwa, ni fè anyen ki kab dezonore moun nan oswa fè li pèdi repitasyon li. Chak moun gen dwa pou lalwa bay li pwoteksyon kont zak fouyapòt sila yo.

Tout moun yo arete oswa ki fèmèn nan prizon pou yon zak yo repwoche li dwe pase devan jij natirèl li nan delè lalwa prevwa pou sa.

Sitiyasyon règ jwèt la

Atik 18 Manman lwa peyi a deklare : « *Tout ayisyen egal ego devan la lwa, an wetan yon seri avantaj, ayisien natif natal yo genyen, depi yo pat janm tonnen sitwayen yon lot peyi* ». Kidonk, moun otorite lajistis ap ankete sou li gen dwa tou.

Atik premye Kòd Enstriksyon kriminel la deklare, *tout domaj yon moun koze ak yon lot oblije moun ki komet zak la peye pou sa*, ki donk moun ki viktim.

Atik 24.2 Manman lwa peyi a deklare « *Yo pa gen dwa arete pesonn ni yo pa gen dwa fèmèn moun nan prizon san se pa ak yon manda yon otorite lalwa bay pouwva ekri manda sa a, sòf si yo ta bare moun nan, lè li t ap poze zak la osinon lè l fin fè zak la* ».

Analiz

Vitim la tankou moun yap fè ankèt sou li a anpil fwa sanble moun ki san dwa epi kip a gen okenn pouvwa sou jan ankèt la ap mennen ou jan otorite yo ap rezoud konfli a. Anpil fwa, viktim tankou akise pa gen avoka ni ankenn asistans legal pou defann dwa yo nan pwosè a.

Yon bò, yo met viktim la sou kote, menn lè li konstitye tèt li pati sivil, epi li ra pou l jwenn yon avoka. Jan yon ankeyi l kote li al pote plent la, jan yap poze li keksyon sou afè a, lòt pwoblèm tankou jwenn yon sètifika medikal, tout pwoblèm sa yo gen tandans a fè viktim a pa senti li pa an sekirite pou li rampli fomalite sa yo, sa ki debouche sou ensekirite.

Yon lòt bò, menm si Kòd enstriksyon Kriminel la di, jij enstriksyon ap fè ankèt pou viktim la ak pou akise a, dwa moun yap fè anket souli a pa respekte nan keksyon fè ankèt. Li pa kè fè ankèt. Li difisil pou ta di jij enstriksyon yo fè anket pou li. Menm jij sila, tout tan gen pwoblèm ak moun yo ap ankete sou yo pou keksyon respè libète ak dwa yo pou yo gen yon avoka oswa pou yon moun pa yo ta akonpanye yo nan entorogatwa. Nan sans sila a, nap raple pase 80% moun ki nan prizon p ako jije, ka sa yo depase dele lalwa etabli pou sa.

Pratik ankèt yo montre li difisil pou rive genyen nan kad kòd enstriksyon kriminel sila yon anket ki efikas epi ki vle di tou ki respekte libète, dwa ak diyite moun.



Kesyon

- 1) Eske ou panse li nòmral pou jij enstriksyon an pran mezi kont akize a san akize a pa gen kote pou l pote plent ? Eksplike ?
- 2) Poutèt jij depè a gen de [2] chapo, sa vle di li se jij epi li se ofisye polis (li anba zòd komisè gouvènman an) Eske ou panse li kab garanti ak pwoteje dwa jistisyab yo epi fè sistèm nan mache komsadwa.? Bay agiman pou kore opinyon ou ? Bay agiman kontrè pou kore opinyon ou ?
- 3) Eske ou dakò pou yo pa bay menm otorite mennen ankèt la ak responsabilite jijman an ? Eksplike ?



Indicateur 5

Reskonsabilite otorite kab mennen ankèt la

Prensip yo

Leta dwe degaje l pou bay tout moun jistis. Otorite leta yo, otorite jidisyè yo gen obligasyon pou resevwa plent ak temwanyaj viktim yo epi fmennen bonjan ankèt. Otorite kab pouswiv la gen pou devwa prouve enfraksyon an devan yon tribinal ki endepandan, nan yon deba kontradiktwa kote moun ki akise ak viktim gen menn dwa. Kidonk, leta dwe tout moun jistis, sa se responsabilite otorite leta yo.

Sitiyasyon reg jwet la

Atik 27 Manman lwa peyi a deklare : « Dezobeyi lwa ki pwoteje libète chak moun, se zak gwo ponyèt. Moun yo fè abi sa yo, gen dwa al nan tribinal ki la pou sa, san yo pa mande okenn pèmision. Yo gen dwa mande pinisyon pou tout moun ki fè zak gwo ponyèt sa yo, ansanm ak moun ki te ede yo fè zak sa yo. Yo te mèt se gwo chabrak, yo te mèt nan nenpot branch Leta ».

Atik 27-1 an deklare tou : « Dapre sa lwa penal, lwa sivil, lwa administratif di, moun ki nan plas leta ak moun ki anlwaye Leta, gen pwòp responsabilite pa yo, lè gen de zak ki pa respekte dwa moun. Nan ka sa yo, Leta gen responsabilite pa l tou ».

Atik 274 la deklare « Le manm lapolis ap fè travay yo, yo fèt pou respekte tout lwa yo rele lwa sivil ak lwa penal, nan tout jan sa make nan manman lwa peyi a ak nan lalwa ».

Analiz

Se tout tan, moun ki nan pwosè yo ap akise polis jidisyè pou zak vyolasyon dwa ak libète yo. E sila yo plenyen anpil poutèt yon pa gen ankenn kote pou yo pote plent ak jwenn pwoteksyon kont zak sa yo et jwenn dedomajman.

Si viktim yo ap plenyen yo pa gen anken asistans legal epi otorite yo kònn pa vle resevwa yo oubyen plent yo, temwen yo ak moun yap fè ankèt sou li a, bò kote pa yo, kònn ap plenyen pou vyolans ak brutalite lapolis kòn fè sou yo pou yo pale. Anplis, detansyon abitèrè prolonje ki fèt san jijman pa janm mennen a yon akisasyon responsab yo.

Divès pwoblèm sa yo montre aklè feblès ki genyen nan fason yo prevwa pou kontwòle aktivite otorite polis jidisyè a nan mennen anket yo. Lè sa a, nap pale kontwòl enspeksyon polis jidisyè a, aktivite kontwòl jij yo dwe mennen, aktivite kontwòl ofis pwotektè sitayen ta dwen mennen tou. Men, nou konstate pa gen youn nan otorite sila yo ki bay moun ki nan pwosè a satisfaksyon le yo ap fè fas a pwoblèm sila yo. Li ra anpil pou responsabilite otorite sila yo keksyone nan zak vyolasyon sou zafè anket ki pa janm abouti.

Kesyon

1. Ki otorite ki veye sou responsabilite otorite ki ap mennen anket la?

